



Reyinyon Piblik Komisyon Revizyon Konstitisyon an

Mèkredi 14 me 2025, a 10 a.m.

Sal Odyans Piblik Komisyon Prezèvasyon Moniman yo

253 Broadway, 2yèm etaj, New York, NY 10007

Tanpri pote yon pyès idantifikasyon ofisyèl pou w ka antre nan bilding lan.

Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil Nouyòk la ap òganize yon reyinyon piblik mèkredi 14 me 2025, a 10 a.m. Reyinyon an ap fèt nan Sal Odyans Piblik Komisyon Prezèvasyon Moniman Vil New York la, 253 Broadway, 2yèm etaj, New York, NY 10007. Yon pyès idantifikasyon ofisyèl nesèsè pou antre nan bilding lan.

Komisyon an gen otorite pou li konsidere revizyon nan Konstitisyon an pou prezantasyon yo bay elektè yo nan eleksyon jeneral 4 novanm 2025 la, oswa nan yon lòt dat eleksyon ki chwazi dapre lalwa.

Reyinyon sa a ouvè a piblik la. Kòm se yon reyinyon piblik ki pa yon odyans piblik, piblik la ap gen posiblite pou obsève diskisyon komite a men piblik la p ap kapab temwaye devan komisyon an.

Lyen pou difizyon tout odyans ak reyinyon piblik yo an dirèk ap disponib sou sitwèb Komisyon an, www.nyc.gov/charter.

E si m bezwen asistans pou m obsève reyinyon an?

Lokal sa a aksesib pou moun ki nan chèz woulant oswa ki itilize lòt aparèy pou mobilite. Entèpretasyon nan lang siy ameriken ak panyòl sou entènèt ak sou plas deja asire. Tanpri fè demann entèpretasyon lang ak/oswa lòt demann pou aksè pou pita 48 èdtan anvan kòmansman reyinyon ou prevwa patisipe ladan la, voye yon imèl nan CharterInfo@citycharter.nyc.gov oswa rele 212-788-0014 epi kite yon mesaj vokal. N ap fè tout sa ki posib pou akomode tout demann yo.

Pou plis enfòmasyon sou Komisyon Revizyon Konstitisyon Vil New York la, vizite www.nyc.gov/charter.



Charter Revision Commission